

## **BAB V**

### **KACINDEKAN JEUNG SARAN**

#### **5.1 Kacindekan**

Pidangan Cikapundung (Cinta ka kampung Bandung) mangrupa salah sahiji acara anu disiaraun langsung ku radio Garuda 105, 5 FM Bandung saban poé Senén nepi ka Sabtu ti jam 14.00 nepi ka 16.00 WIB anu juru siarna téh Wildan Nasution. Ieu acara téh dirojong ku walikota Bandung nya éta Dada Rosada sarta sababaraha sponsor anu ngarojong éta acara.

Sangeus ditalungtik dumasar kana kaayaan sumber data, transkripsi pidangan Cikapundung bulan Januari 2008 nu jumlahna aya 24 pidangan téh geus ditangtukeun lima pidangan (20 %) anu ngagunakeun sampel random. Méthode nu digunakeun nya éta méthode déskriptif. Anu dianalisisna nya éta tatakrama basa Sunda boh nu luyu jeung aturan boh nu teu luyu jeung aturan sarta interférénsi basa Indonésia dina gunem catur.

Tina hasil analisis ahirna kapanggih ngeunaan hal-hal anu geus ditataan tadi, kacindekanana nya éta jumlah tatakrama basa nu luyu jeung aturan leuwih loba digunakeun ku mitra kaum dangu ti batan tatakrama nu teu luyu jeung aturan. Lian ti éta interférénsi basa Indonésia dina gunem catur anu sakabéhna kapanggih dina unggal transkripsi.

## 5.2 Saran

Panalungtikan anu dilakukeun kana pidangan Cikapundung (Cinta ka kampung Bandung) karasa pisan loba mangfaatna, hususna pikeun nu nulis ku sabab salian ti resep ngabandungan acarana, Cikapundung ogé dina unggal pidanganana nambahan pangaweruh pikeun nu nulis.

Dumasar kana éta hal, aya sababaraha saran anu perlu ditepikeun, nya éta:

### 1. Pikeun siswa jeung mahasiswa

Para siswa jeung mahasiswa kudu mikawanoh sarta ngalarapkeun kana tatakrama basa dina komunikasi sapopoé. Ieu hal dipiharep bisa dijadikeun salah sahiji jalan pikeun ngamumulé basa Sunda, ku sabab dina basa Sunda aya tatakrama basa anu upama dilarapkeun dina komunikasi sapopoé téh bisa nambahan ajén kana basa Sunda anu digunakeun ku urang.

### 2. Pikeun guru-guru basa Sunda

Para guru anu nyepeng ieu pelajaran, dipiharep bisa ngajarkeun tatakrama basa ka siswa-siswana, nu antukna ngahudang para siswa pikeun ngalarapkeunana dina paguneman sapopoé sarta ngurangan interférénsi basa Indonésia anu sasarina digunakeun dina gunem catur.

### 3. Pikeun masarakat umum

Pikeun masarakat umum, dipiharep sangkan bisa ngamumulé basa Sunda umumna sarta ngagunakeun tatakrama basa Sunda hususna dina komunikasi sapopoé, nu ahirna basa Sunda bakal tetep nanjung.

## DAFTAR PUSTAKA

- Koswara, Kos. 1993. *“Pelestarian Nilai Kultural Daerah Jawa Barat”*. Dina Bhinneka Karya Winaya (Désémber 1993, 61 Taun ka – VII). Bandung.
- M. Romli, Asep Syamsul. 2004. *Broadcast Journalism*. Bandung: PT. Nuansa.
- Sudaryat, Yayat. 2003. *Pedaran Basa Sunda*. Bandung: CV. Geger Sunten.
- Suyatna, Amir. 2002. *Pengantar Metodologi Penelitian dan Pengajaran Bahasa*. Bandung: Jurusan Pendidikan Bahasa Indonesia dan Daerah.
- Tamsyah, Budi Rahayu. 2006. *Kamus UUBS jeung Conto-conto larapna dina kalimah*. Bandung: CV. Geger Sunten.
- Panitia Kamus LBSS. 1995. *Kamus Umum Basa Sunda*. Bandung: Tarate.